



Odisyon Piblik sou Plannifikasyon Koulwa Route 79 / Koridò Davol Street, Fall River

Sa k ap pase ?

Rezon pou odizyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou pwojè Amelyorasyon Koridò nan pwojè pou Modèl Konstriksyon sou Route 79 / Davol Street la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odizyon dirèk anliy sa a pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

Ki konsekan sa pral genyen pou ou ?

Pwojè ki pwopoze a genyen ladan li an menm tan plannifikasyon ak konstriksyon koridò Route 79 / Davol Street la. Route 79 ki la kounye a ap deplase pou li prèske aliyen avèk direksyon nò ak sid Davol Street, epi sa pral prèmèt louveri teren pou devlopman ki aliyen avèk Route 79 ki la kounye a. Travay la genyen ladan li tou, san se pa sa sèlman, konsepsyon ak konstriksyon ri nan zòn lan ki konnekte avèk koridò a, tankou Brightman Street, President Avenue, Hathaway Street, ak Turner Street. Pwojè a genyen ladan tou konsepsyon ak konstriksyon yon rezo ki genyen itilizasyon pataje santye ak twotwa, ak nouvo limyè siyalizasyon pou trafik.

Kilè

Mèkredi 27 oktob 2021, 6:30 - 8:30 pm

Enfòmasyon ak Konneksyon Entènèt sou Reyinyon Vityèl la

<https://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings>

Gade nan adrès www.mass.gov/route-79-davol-street-corridor-improvements pou plis enfòmasyon.



Gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe nan odizyon sa a. MassDOT kapab fè aranjman rezonab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman sa yo oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nimewo relè (7-1-1), oswa nan adrès elektwonik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us.

Pou poze kesyon sou pwojè a, voye yon mesaj elektwonik nan adrès : dotfeedbackhighway@dot.state.ma.us Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwopozisyon an, tanpri voye li bay : Carrie E. Lavallee, P.E., Acting Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02216, Attention: Major Projects, PROJECT FILE NO. [608049]